

Nim. 202.11

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinite sispansyon tanporè ak modifikasyon lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiyasyon katastwòf la

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo dokimante ni ka ki gen pou wè avèk vwayaj ni transmisyon COVID-19 pa kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa ap kontinye toujou;

KOUNYE A, KIDONK, mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la (Executive Law) pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa chanje pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a jis nan dat dimanch 26 avril 2020, sa ki annapre yo:

- Seksyon 16.03 ak 16.05 nan Lwa sou Ijyèn Mantal la (Mental Hygiene Law) ak Pati 619 nan Tit 14 nan Kòd, Règ ak Règleman New York yo (New York Codes, Rules and Regulations, NYCRR) nan mezi yo limite òf sèten sèvis nan enstalasyon sètifye depi, sepandan, itilizasyon enstalasyon sa yo ap egzije apwobasyon komisè Biwo pou Moun ki Gen Andikap Devlopman (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD);
- Seksyon 633.16 nan Tit 14 nan NYCRR yo, nan mezi sa nesèsè pou pèmèt fòmasyon abreje ak/oswa pwolongasyon denyè delè yo pou resètifikasyon pou pwofesyonèl soutyen dirèk yo ki anplwaye nan pwogram ak etablisman ki sètifye konfòmman a Atik 16 nan Lwa sou Ijyèn Mantal la k ap fè fas ak mank anplwaye;
- Seksyon 131-u ak 459(b) nan Lwa sou Sèvis Sosyal la (Social Services Law) ak Seksyon 408.6, 408.7 ak 408.8 nan Tit 18 nan NYCRR yo kòm lwa jeneral la ak règleman yo limite dire ak kantite ranbousman pou pwogram nan etablisman yo pou viktim vyolans famiyal a to pèdiyèm Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services) te etabli an;
- Seksyon 6808(1) nan Lwa sou Edikasyon an (Education Law) ak tout règleman ki asosye avèk li, nan mezi sa nesèsè pou pwovizwaman pèmèt famasi rezidan ki anrejistre yo ak enstalasyon soutretans rezidan ki anrejistre yo pou yo prepare sèten pwodui dezenfektan pou men a baz alkòl, annakò avèk Politik Administrasyon Manje ak Medikaman an (Food and Drug Administration) pou Preparasyon Pwovizwa Sèten Pwodui Dezenfektan pou Men a Baz alkòl Pandan Ijans Sante Piblik la (mas 2002);

- Seksyon 6802, 6808, ak 6841 nan Lwa sou Edikasyon an ak Pati 29.7 (10) ak 63.6 nan Tit 8 nan NYCRR yo, nan mezi sa nesesè pou otorize teknisyen famasi yo ak famasyen yo egzèsè nan yon lòt kote, sa gen ladan lakay yo, depi gen kont sekirite pou anpeche Enfòmasyon Pèsonèl sou Sante yo (Personal Health Information) konpwomèt;
- Sibdivizyon 5 nan Seksyon 6907 nan Lwa sou Edikasyon an ak règleman ki asosye avè l yo, nan mezi sa nesesè pou otorize moun ki diplome yo nan pwogram edikasyon kalifye ki bay pèmi pou enfimyè pwofesyonèl ak pou enfimyè oksilyè Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department) otorize pou yo anplwaye yo pou pratike syans enfimyè sou sipèvizyon yon enfimyè pwofesyonèl otorize epi avèk apwobasyon lopital oswa kay retrèt anplwayè a pandan 180 jou touswit apre gradyasyon;
- Sibdivizyon 11 nan seksyon 17 nan Lwa sou Fonksyonè Piblik yo (Public Officers Law), ak tout règleman ki asosye avè l, nan mezi sa nesesè pou garanti doktè k ap ede yo nan reyaksyon Eta a pa rapò ak COVID-19 nan yon etablisman SUNY genyen oswa lwe epi SUNY ap administre pa ekskli nan dispozisyon seksyon 17 nan Lwa sou Fonksyonè Piblik la pou sèvis medikal yo bay nan kad reyaksyon Eta a pa rapò ak COVID-19;
- Paragraf a nan sibdivizyon 1 nan seksyon 17 nan Lwa sou Fonksyonè Piblik yo, ak tout règleman ki asosye avè l, nan mezi SUNY deziyen yon pwogram benevola nan eta a dapre paragraf sa a pou SUNY Upstate Hospital, SUNY Stony Brook University Hospital, ak University Hospital SUNY Downstate, ki gen ladan ni volontè yo peye ni sa yo pa peye;
- Sibdivizyon (3) nan seksyon 6305 nan Lwa sou Edikasyon an ak sibdivizyon (c) nan seksyon 602.12 nan Tit 8 nan NYCRR al, ak tout lòt lwa, règ, oswa règleman eta oswa lokal ki aplikab, nan mezi sa nesesè pou sispann egzijans twazyèm jou a pou depoze sètifika rezidans devan inivèsite kominotè yo nan Eta New York, epi pou otorize demann sètifika rezidans pa kourye elektwonik ak pa lapòs nan tout konte yo pou dire ijans COVID-19 la;
- Seksyon 2800(1)(a) ak (2)(a); 2801(1) ak (2); 2802(1) ak (2); 2824(2) nan Lwa sou Otorite Piblik yo (Public Authorities Law), nan mezi li annakò ak nesesè pou otorize direktè Biwo Bidjè Ototrite yo (Authorities Budget Office) pou li inyore dènye delè sa yo poutèt otorite eta oswa lokal la pa respekte kondisyon ki preskri yo nan seksyon sa yo pandan peryòd kote yo pibliye yon deklarasyon eta dijans ki siyen kòm sadwa;
- Seksyon 103(2) nan Lwa Minisipal Jeneral la (General Municipal Law), Seksyon 144(1) nan Lwa sou Finans Eta a (State Finance Law), Seksyon 376(8)(a) nan Lwa sou Edikasyon an, ak Seksyon 359(1) nan Lwa sou Otorite Piblik yo nan mezi sa nesesè pou otorize ouvèti non-piblik òf; depi, sepandan, lè sa posib, antite piblik yo anrejistre oswa pase an dirèk ouvèti òf yo pou piblik la ka gen chans wè ouvèti òf sa yo;
- Pou otorize moun ak biznis ki gen pèmi Depatman Deta a (Department of State) pou yo pwolonje dat ekspirasyon pèmi yo an:
 - Atik 6-D, 7, 7-A, 8-B, 8-C, 27, 28, 35-B, 35-C, 37-A, 39-E, 39-G, 41, ak Seksyon 399-pp nan Lwa Jeneral sou Biznis la (General Business Law) amande, jan sa nesesè, pou bay plis tan pou renouvle yon pèmi jiska 30^{yèm} jou a apre ekspirasyon Dekrè Egzekitif sa a;
 - Atik 6-F, 6-H, ak Seksyon 130-131 nan Lwa Egzekitif New York la (New York Executive Law) amande, jan sa nesesè, pou bay plis tan pou renouvle yon pèmi jiska 30^{yèm} jou a apre ekspirasyon Dekrè Egzekitif sa a;
 - Atik 12-A, 12-B, ak 12-C nan Lwa sou Byen Imobilye a (Real Property Law) amande, jan sa nesesè, pou bay plis tan pou renouvle yon pèmi jiska 30^{yèm} jou a apre ekspirasyon Dekrè Egzekitif sa a; epi
 - Atik 25 nan Lwa sou Lèza ak Zafè Kiltirèl New York la (New York Arts and Cultural Affairs Law) amande, jan sa nesesè, pou bay plis tan pou renouvle yon pèmi jiska 30^{yèm} jou a apre ekspirasyon Dekrè Egzekitif sa a;
- Seksyon 1210.13 nan Tit 19 nan NYCRR yo, nan mezi yo pa ka respekte egzijans kontinye edikasyon an poutèt anilasyon oswa ranvwa kou pandan ijans COVID-19 sa a, pou otorize fabrikasyon yo, revandè yo, enstalatè yo, ak mekanisyen yo ki gen sètifika Depatman Deta a kontinye renouvle sètifika yo deja genyen yo;
- Tit 16, Lwa sou Kòporasyon Devlopman Iben an (Urban Development Corporation Act), nan mezi yon odyans piblik obligatwa pou reyalize yon pwojè yo pwopoze, depi Kòporasyon Devlopman Iben an bay yon lòt opòtinite pou piblik la kòmante sou pwojè yo pwopoze a epi

pibliye avi opòtinite sa a annakò avèk egzijans sou avi yo nan Lwa a;


- Seksyon 94 Lwa Egzekitif la, nan mezi Seksyon 94 (10)(a-c) egzije sèten fòmasyon, pa respekte dènnye delè sa yo p ap konsidere kòm yon vyolasyon Lwa Egzekitif la depi fòmasyon sa yo fèt an 30 jou;
- Seksyon 352-e(2) Lwa Jeneral sou Biznis la nan mezi li egzije repons pou plan òf koperativ/kondominòm nan 30 jou, depi, sepandan,, delè a pou repons sa a gen dwa pwolonje pou jiska 30 jou;
- Seksyon 806, 808, 809, ak 814 nan Lwa Egzekitif la, Seksyon 24-0801 nan Lwa sou Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Conservation Law), ak règleman ki asosye avèk yo nan mezi sa nesèsè pou sispann peryòd legal ak règlemantè yo egzije yo pou Ajans Pak Adirondack la (Adirondack Park Agency) reponn demann varyans, modifikasyon pèmi epi apa sa okipe demann pèmi yo;
- Seksyon 6951, 6952, 6953, ak 6955 nan Lwa sou Edikasyon an, nan mezi sa nesèsè pou otorize fanm saj ki gen pèmi e ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini, oswa nan nenpòt pwovens oswa teritwa nan Kanada, pou yo egzèsè nan Eta New York san pèn sivil ni kriminel poutèt absans pèmi;
- Seksyon 140(3) nan Lwa sou Transpò a (Transportation Law) nan mezi sa nesèsè pou sispann pandan yon peryòd 30 jou ki koresponn ak dire Dekrè Egzekitif sa a egzijans yon enspeksyon veyikil anvan finisman yon peryòd sis mwa, sèlman pou veyikil sa yo ke yo volontèman mete endisponib poutèt epidemi COVID-19 la;
- Seksyon 212 Lwa sou Retrèt ak Sekirite Sosyal la (Retirement and Social Security Law), nan bi inyore tout revni ki touche pandan peryòd ijans la nan limitasyon sou salè an yo kalkile dapre seksyon sa a;
- Sibdivizyon (a) nan Seksyon 301 nan Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon an (Vehicle and Traffic Law), nan mezi li egzije enspeksyon sekirite chak ane epi enspeksyon degajman omwen chak dezan, pou veyikil yo ka kontinye fonksyone legalman apre ekspirasyon sètifika enspeksyon yo ki te valid nan dat dekrè sa a men ki ekspire apre sa; epi
- Seksyon 307(1) Lwa sou Teknoloji nan Eta a (State Technology Law) nan mezi sa nesèsè pou otorize yon moun sèvi avèk yon siyati elektwonik olye de yon siyati alamen sou dokiman ak fòmilè k ap otorize oswa aksepte sèvis finèrè.

ANPLIS DE SA, dapre otorite Seksyon 29-a. Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen pou pibliye nenpòt direktiv pandan yon ijans nan sitiyasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen pibliye direktiv annapre yo pou peryòd ki soti nan dat Dekrè Egzekitif la rive dimanche 26 avril 2020.

- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.4 la ki gen pou wè avèk fèmte lekòl yo nan tout eta a ap modifye apati de kounye a pou prevwa tout lekòl yo ap rete fèmte jiska 15 avril 2020, epi lè sa a y ap re-evalye si fèmte an ap kontinye. Ankenn lekòl p ap sibi diminisyon nan èd eskolè li poutèt li pa respekte kondisyon 180 jou ap fonksyone a poutèt epidemi COVID-19 a, depi fèmte li pa kontinye apre kondisyon ki prezante isit la yo. Distrik eskolè yo dwe kontinye prevwa lòt opsyon ansèyman, distribisyon ak disponibilite manje, ak gadri, avèk aksan sou sèvi timoun travayè esansyèl yo, epi kontinye sèvi anvan avèk vakans oswa jounen fèmte poutèt lanèj ki rete yo.
- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.10 la ki gen pou wè avèk restriksyon yo sou bay idwoksiklowokin oswa klowokin pou prevansyon amande konsa: Ankenn famasyon pa dwe bay idwoksiklowokin ni klowokin sòf lè gen ekri: preskri pou yon endikasyon FDA apwouve; pou yon endikasyon ki gen soutyen omwen yon sitasyon yo mete oswa yo apwouve pou mete nan rekèy yo ki presize nan 42 U.S.C. 1396r-8(g)(1)(B)(i); pou pasyan ki se pasyan entèn oswa ki nan eta egi; pou rezidan nan pati pou pasyan sibegi yon sant swen enfimye espesyalize; oswa nan kad yon etid Komite Etik Endepandan an (Institutional Review Board) apwouve. Tout moun ki gen otorizasyon preskri medikaman sa yo dwe ekri sou preskripsyon an pwoblèm sante li bay òdonans pou li an.
- Pandan peryòd kote yon Dekrè Egzekitif ki limite fonksyònman yon kalite etablisman oswa ki limite kantite moun ki gen dwa nan yon espas an vigè, y ap jije fonksyònman etablisman sa a

oswa lè gen plis moun nan espas sa a pase kantite ki otorize dapre Dekrè Egzekitif sa a kòm yon vyolasyon lalwa epi an patikilye, men pa kòm yon limitasyon, y ap jije l kòm yon vyolasyon Kòd Inifòm nan (Uniform Code) oswa lòt kòd konstriksyon ki an vigè nan jiridiksyon kote etablisman an oswa espas la chita. Nan ka yon vyolasyon konsa, tout ajan lapolis eta, konte, oswa lokal ki gen otorizasyon fè respekte lwa yo nan jiridiksyon kote espas la oswa etablisman an chita gen otorizasyon pou li fè moun yo soti nan espas oswa etablisman sa a. Anplis de sa, nan ka yon vyolasyon konsa, tout fonksyonè respè kòd eta, konte, oswa lokal oswa kapitèn ponpye ki gen otorizasyon fè respekte Kòd Inifòm nan oswa yon lòt kòd konstriksyon lokal nan jiridiksyon kote etablisman an oswa espas la chita gen otorizasyon bay sitasyon pou konparèt, Avi Vyolasyon, Lòd Aksyon an Jistis pou vyolasyon sa a, k ap egzije obeyisans imedya, ak/oswa Lòd Pa Antre (Do Not Occupy Order) pou tout pwopriyete, administratè, oswa moun ki andedan yon etablisman oswa espas konsa. Pa gen anyen nan dispozisyon sa a k ap limite otorite ankenn inite oswa òganis gouvènman pou li pran lòt mezi aplikasyon lalwa konsa nan mezi sa nesesè pou garanti respè kantite moun sa a- direktiv ki gen pou wè ak sa yo oswa direktiv ki gen pou wè ak fonksyonman etablisman an.

- Nenpòt rekòmandasyon Depatman Sante (Department of Health) Eta New York te pibliye ki gen rapò ak prevansyon ak kontwòl enfeksyon COVID-19 la ap an vigè touswit epi l ap ranplase nenpòt rekòmandasyon ki an konfli Depatman Sante Eta New York te pibliye anvan sa ak nenpòt rekòmandasyon yon konsèy sante lokal, yon depatman sante lokal, oswa yon lòt soudivizyon politik Eta a te pibliye an rapò ak menm sijè a.



F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, vennsityèm jou mwa mas

nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a